# Sama xarit ba yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dénk na ma ñatt: woor ñatti fan ci weer wu ne, ak ñaari ràkkay yoor-yoor, ak ma julli Witar balaa may nelaw

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Sama xarit ba yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dénk na ma ñatt: woor ñatti fan ci weer wu ne, ak ñaari ràkkay yoor-yoor, ak ma julli Witar balaa may nelaw.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm day xibaare ne soppeem ba di xaritam ba Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc da ko a dénk ñatti mbir: Bi ci njëkk: woor ñatti fan ci weer wu ne. Ñaareel bi: julli ñaari ràkkay yoor-yoor bis bu nekk. Ñatteel bi: Wiitar njëkk muy nelaw, loolu nag ci ki ragal ne du yewwu ci mujjug guddi gi.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee